GID DEPATMAN KONSTWIKSYON POU:

SÈTIFIKA OKIPASYON





SÈTIFIKA OKIPASYON

Yon Sètifika Okipasyon (Certificate of Occupancy, CO) dekri limit okipasyon, plan ak itilizasyon akseptab yon bilding. Kèk egzanp deskripsyon sa yo se yon magazen detayan oswa yon depo manifakti endistriyèl.

Nouvo bilding yo gen yon CO, epi bilding ki la deja yo dwe swa gen yon CO ki ajou oswa yon CO modifye si konstwiksyon an chanje itilizasyon, pòt soti, oswa limit okipasyon bilding ou. Moun pa kapab abite legalman nan bilding yo jouk lè nou bay yon CO oswa yon CO Pwovizwa jan sa dekri avèk plis detay anba la a.

Ou dwe modifye yon CO si w ap chanje itilizasyon bilding ou. Pa egzanp, si ou se pwopriyetè yon restoran ki vle itilize lakou a, epi si CO ou pa endike ou kapab itilize lakou a, w ap bezwen modifye CO ou.

N ap bay yon CO final lè travay konstwiksyon an annamoni avèk plan ou remèt yo pou nouvo konstwiksyon an oswa pou gwo chanjman yo. N ap bay yon Lèt Finisman pou ti chanjman yo apa. Si ou gen dokiman sa yo sa ap konfime travay konstwiksyon an respekte tout lwa ki anvigè yo, ou ranpli fòm ki nesesè yo, ou peye nenpòt frè ou dwe nou, ou rezoud tout vyolasyon yo, epi ou remèt tout apwobasyon nan lòt ajans Minisipalite Vil la.

Sètifika Okipasyon Pwovizwa

Ou dwe asire konstwiksyon ou gen yon Sètifika Okipasyon. Nan kèk sikonstans, nou ka detèmine si yon pwopriyete san danje pou moun abite ladan, men gen pwoblèm annatant ou dwe rezoud anvan nou kapab ba ou yon CO final.

Yo Sètifika Okipasyon Pwovizwa (Temporary Certificate of Occupancy, TCO) vle di pwopriyete ou san danje pou moun abite li. Anjeneral, TCO yo ekspire 90 jou apre nou bay yo. Si pwoblèm ki annatant pou yon CO pèmanan poko rezoud nèt anvan dat ekspirasyon an, nou pa ka renouvle TCO a. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb **nyc.gov/dob/cofactsheet**. Si ou gen yon TCO, chita pale avèk yon Enjenyè Pwofesyonèl (Professional Engineer, PE) ki gen lisans Eta New York oswa Achitèk Anrejistre (Registered Architect, RA) pou detèmine kisa ki ka nesesè pou ou kapab resevwa yon CO final.

Lèt Non-Objeksyon

Bilding yo te bati anvan ane 1938 pa gen obligasyon pou yo gen yon Sètifika Okipasyon, sof si yo fè modifikasyon ladan yo pou chanje itilizasyon yo, pòt soti yo, ak okipasyon yo. Ou ka chèche konnen ane yo te konstwi bilding ou depi ou tcheke sa nan sistèm BIS nou.

Si ou bezwen prèv itilizasyon legal yon bilding, epi si bilding nan gen egzanpsyon pou kondisyon CO, kontakte biwo minisipalite kote pwopriyete a ye a pou mande yon Lèt Non-Objeksyon (Letter of No Objection, LNO).

Nou ka bay yon LNO si itilizasyon ki pwopoze pou bilding nan oswa vrè itilizasyon bilding nan respekte Kòd Konstwiksyon ak Rezolisyon Zonaj Vil New York, to okipasyon ak pòt soti bilding nan pa chanje.

Fason pou Tcheke yon Sètifika Okipasyon

Pou tcheke Sètifika Okipasyon yon pwopriyete, pou tcheke lè yo te konstwi bilding nan, ale sou sitwèb www.nyc.gov/buildings. Lè ou nan sitwèb la, antre adrès pwopriyete a nan premye kaz ki agoch anba sitwèb nou, klike sou Find (jwenn), epi klike sou “View Certificates of Occupancy” (wè sètifika okipasyon). Pou CO ki annatant yo, klike sou “Jobs/Filings” toupre anba paj-ekran an.

S CO ou pa annamoni avèk fason ou ta renmen itilize pwopriyete a, ou ka bezwen modifye li pou montre itilizasyon, pòt soti, oswa okipasyon ou vle a. Ou ta dwe chita pale avèk yon Enjenyè Pwofesyonèl ki gen lisans oswa avèk yon Achitèk Anrejistre pou konnen si ou bezwen modifye CO ou.

Rick D. Chandler, P.E.
Commissioner, Department of Buildings

nyc.gov/buildings